

Depoze yon Deklarasyon Enpo pou w Ka Touche Lajan Anretou

Ou ka kalifye pou w resevwa plizyè milye dola kòm ranbousman taks ou yo lè ou reklame Kredi Enpo sou Revni Federal la, Kredi Enpo pou Timoun oswa Kredi Enpo pou SwenTimoun ak Moun ki Depandan. Si w fèk kalifye pou youn oswa plis kredi enpo ane sa a, ou ka jwenn plis lajan pase sa w te konn touche anvan.

Kijan pou w jwenn kredi enpo ou yo:

- 1 Gade pou w wè si w kalifye**
Chache konnen ki kantite lanjan ou ka resevwa nan [TaxOutreach.org/TaxCredits](https://www.TaxOutreach.org/TaxCredits).
- 2 Jwenn yon moun ki ka ede w GRATIS ak deklarasyon enpo w la**
Ale sou [GetYourRefund.org](https://www.GetYourRefund.org) oswa rele 800-906-9887, menm si nòmalman ou pa fè yon deklarasyon enpo.
- 3 Depoze enpo ou**
Jwenn èd gratis pou w ka ranpli deklarasyon enpo ou anvan 18 avril.

Kisa pou w pote nan yon randevou pou enpo:

- Foto idantite ki valab
- Kat Sekirite Sosyal, lèt verifikasyon nimewo Sekirite Sosyal oswa ITIN pou tout moun ki sou deklarasyon taks ou yo
- Fòmilè W-2 oswa fòmilè 1099
- Fòmilè 1095
- Dosye peman pou gadri (si w ap reklame Kredi Enpo pou Swen Timoun ak Moun ki Depandan yo)
- Nenpòt avi IRS tankou Lèt IRS 6419, Peman Davans Kredi Enpo pou Timoun



Pou plis enfòmasyon, ale nan [TaxOutreach.org/TaxCredits](https://www.TaxOutreach.org/TaxCredits) oswa rele IRS nan 1-800-829-1040.

Èske Mwen Kalifye?

Pou la pwemye fwa, gen plis moun pase tout tan anvan ki pral kalifye pou kredi enpo federal epi yo ka peye yo lajan anretou nan moman y ap peye enpo yo.

Kredi Taks sou Revni ou Touche (EITC): Si ou te travay an 2021, ou ka kalifye pou EITC menm si ou pa t ap travay avan sa.

Kredi Taks pou Timoun (CTC): Prèske tout fanmi ki gen timoun lakay yo kalifye pou CTC an 2021. Ou ka jwenn kredi sa a menm si w pran retrèt ou, si w gen andikap oswa ou pa t kalifye nan tan pase yo. Depoze yon deklarasyon enpo pou w ka jwenn kredi konplè a menm si w te resevwa peman CTC davans an 2021.

Kredi pou Swen Timoun ak Moun ki Depandan (CDCTC): Plizyè milyon fanmi k ap peye pou swen timoun ak granmoun kalifye pou CDCTC.

Avantaj Piblik yo: Lè w reklame kredi taks sa yo, sa p ap chanje kalifikasyon w pou avantaj federal tankou SNAP (koupon pou manje), SSI, Medicaid, asistans lajan kach oswa lojman piblik. Si ou sere ranbousman taks ou a, li p ap konte nan limit resous/byen pwogram avantaj finansman federal la pandan 12 mwa apre ou fin resevwa ranbousman an.

Repatiisyon kalifikasyon pou EITC, CTC ak CDCTC:

Si ou pa gen timoun ou ka kalifye pou EITC si:

Laj: Ou gen 19 lane oswa plis. Ou pa kapab reklame kredi a si ou te yon etidyan pandan plis pase 5 mwa an 2021 epi ou gen ant 19 ak 23 lane.

Revni an 2021: Ou te touche mwens pase \$21,430 (\$27,380 si w marye), ou kapab resevwa yon EITC jiska \$1,502.

Si ou pa yon sitwayen ameriken ou ka kalifye pou nenpòt nan twa kredi enpo yo si

- ▶ **EITC:** Ou menm, mari w oswa madanm ou, ak nenpòt timoun ou reklame gen yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ki valab.
- ▶ **CTC:** Nenpòt timoun ou reklame gen yon SSN, menm si ou pa gen yon SSN pou tèt pa ou.
- ▶ **CDCTC:** Nenpòt timoun ou reklame gen yon SSN, menm si ou pa gen yon SSN pou pwòp tèt pa ou.

Si ou gen timoun ou ka kalifye pou nenpòt nan twa kredi enpo yo si :

Rezidans: Pitit ou yo t ap viv avèk ou pandan plis pase mwatye ane 2021 an.

Laj - timoun yo dwe gen:

- ▶ **EITC:** 18 lane oswa mwens nan dat 31 desanm 2021 (*elèv ap lontan yo ka gen mwens pase 24 lane epi timoun ki andikape nèt epi totalman yo ka gen nenpòt laj*).
- ▶ **CTC:** 17 lane oswa mwens nan dat 31 desanm 2021.
- ▶ **CDCTC:** 13 lane oswa mwens nan dat 31 desanm 2021 oswa yon depandan ki pa kapab pran swen tèt li pou kont li.

Revni pou 2021:

- ▶ **Pou CTC federal la,** pa gen okenn kondisyon pou revni minimòm pou jwenn kredi sa a. Li vo jiska \$3,600 pou timoun ki gen 5 lane ak pi piti yo, epi jiska \$3,000 pou timoun ki gen laj 6 pou rive 17 lane yo.
- ▶ **Pou EITC federal la,** salè ou dwe pi ba pase limit sa yo

Kantite Timoun	Travayè selibatè ki gen yon revni ki mwens pase:	Travayè ki marye ki gen yon revni ki mwens pase:	EITC jiska:
1 timoun	\$42,158	\$48,108	\$3,618
2 timoun	\$47,915	\$53,865	\$5,980
3 timoun oubyen plis	\$51,464	\$57,414	\$6,728

- ▶ **Pou CDCTC federal la,** tkantite lajan ou ka resevwa a depann de kantite timoun w ap okipe, revni fanmi w ak kantite lajan ou depanse pou swen.

Kantite Timoun	Kantite lajan w depanse nan swen an 2021	Revni	Kredi Maksimòm
1 timoun	Jiska \$8,000	\$0-\$125,000	\$4,000
		\$125,000-\$183,000	Varye
		\$183,000-\$400,000	\$1,600
2 timoun	Jiska \$16,000	\$0-\$125,000	\$8,000
		\$125,000-\$183,000	Varye
		\$183,000-\$400,000	\$3,200